

## Akò Itilizasyon Pwen Aksè Wi-Fi de "SD Access for All" ("SD Aksè pou Tout Moun")

San Diego Public Library (Bibliyotèk Piblik San Diego a) bay aksè pèsonèl a Entènèt atravè "the Wi-Fi Kit" ("Twous Wi-Fi a"). Twous Wi-Fi a gen ladan I yon aparèy pou kreye yon rezo Wi-Fi (yon "hotspot"), yon kòd chaje, yon blòk chaje ak yon sak. An echanj:

- Mwen rekonèt ke nenpòt vyolasyon kondisyon ki anba yo ap lakòz pèt kapasite pou prete aparèy atravè pwogram SD Access 4 All (SD Aksè pou Tout Moun)
- Mwen dakò pou m remèt Chromebook la an pèsòn nan menm bibliyotèk kote m te prete I la nan
- dat limit la, avek tout pyès ak anbalaj an bon kondisyon pou fonksyone. Mwen p ap remèt Twous la nan yon depo liv nan bibliyotèk la.
- Mwen rekonèt mwen ka prete Twous la pou 30 jou epi mwen pa ka renouvre li. Si Twous la an reta, sèvis la ap fini epi Twous Wi-Fi a p ap ka itilize.
- Si Twous la pèdi, domaje, oswa mwen pa remèt li nan 60 jou apre dat limit la, [y ap fè m peye pri ranplasman an](#) pou Hotspot la, kòd chaje a, plato a ak bwat la; epi privilèj kat bibliyotèk mwen yo ap bloke jiskaske mwen remèt tout atik yo an bon eta oswa jiskaske mwen peye amann lan. Nenpòt amann ki pa peye 60 jou apre yo fin voye bòdwo a, y ap voye I bay biwo Trezorye Vil la pou yo ka fè Koleksyon.
- Mwen dakò pou m pa prete okenn atik nan Twous Wi-Fi a bay lòt moun.
- Mwen dakò pou m avèti bibliyotèk kote m te prete Twous la si nenpòt atik nan Twous la pèdi, yo vòlè I, oswa li domaje. Mwen rekonèt y ap fè m peye pou nenpòt pyès ki manke oswa ki domaje nan Twous la.
- Mwen dakò pou m pa demonte oswa eseye repare laptop la. Twous Wi-Fi a ak sa ki ladan I rete pwopriyete Bibliyotèk la tout tan.
- Mwen dakò pou Bibliyotèk la, moun ki finanse I yo, ak lòt moun yo Bibliyotèk la chwazi yo ka itilize nenpòt enfòmasyon yo kolekte sou itilizasyon Twous Wi-Fi a pou etidye efikasite pwogram Twous Wi-Fi a. Lè mwen prete Twous Wi-Fi a, mwen bay konsantman mwen pou Bibliyotèk la kontakte m konsènan fason mwen itilize Twous Wi-Fi a ak eksperyans mwen ak li.
- Mwen konprann Bibliyotèk la pa responsab pou okenn dosye, done, oswa enfòmasyon pèsonèl ki aksede/transmèt lè m sèvi avèk Chromebook la.
- Twous la fèt pou itilize nan zòn San Diego a. Itilizasyon Twous la deyò eta konekte yo ki nan Etazini pa otorize, epi mwen ka responsab pou nenpòt lòt frè adisyonèl (tankou tarif done entènasyonal oswa maritim) ki rive si mwen pa respekte règ sa a.

**Mwen rekonèt ke mwen li kondisyon ki anwo yo epi mwen dakò ak kondisyon sa yo. Si itilizatè ki aksepte Akò sa a gen mwens pase 18 an, yon Paran oswa yon Gadyen legal oblige aksepte sa ki anba a pou rezante konpreyansyon ak akò yo ak tout kondisyon Akò a poukout yo epi nan non itilizatè a.**

## Ranpli Akò w la

Lè ou chwazi kaz sa a, ou menm (oswa gadyen legal ou si itilizatè a gen mwens pase 18 an) dakò ak Tèm ak Kondisyon ki dekri pi wo a.

- Mwen dakò avek tèm ak kondisyon yo.

## Kesyon Atestasyon

Mèsi paske ou dakò avek Tèm ak Kondisyon Itilizasyon yo. Tanpri ede nou pi byen konprann kijan moun itilize sèvis sa a epi kijan nou ka amelyore avèk repons ou yo nan ti sondaj sa a.

### Adrès Imèl:

---

### Branch Bibliyotèk:

---

- Mwen sètifye ke mwen pa gen aksè a ekipman oswa sèvis ki sifilan pou satisfè bezwen edikasyonèl mwen yo si mwen pa itilize ekipman oswa sèvis bibliyotèk la ap bay la.
- Mwen sètifye ke mwen se itilizatè bibliyotèk la ki te resevwa kat/nimewo bibliyotèk la k ap itilize pou siyen fòm sa a elektwonikman.

### Nimewo Kat Bibliyotèk / Non Moun k ap Prete Atik yo

---

## Kesyon Sondaj yo ki Opsyonèl

### **Tanpri endike pou ki rezon w ap itilize ekipman prete a.**

Chèche travay

Edikasyonèl/Lekòl

Koneksyon pèsonèl (pa egzanp, fanmi ak zanmi)

Fè rechèch

### **Tanpri endike laj ou**

Poko gen 18 an

Ant 18 a 29 an

Ant 30 a 39 an

Ant 40 a 49 an

Ant 50 a 59 an

Ant 60 a 69 an

Gen 70 an oswa plis

### **Tanpri endike sèks ou**

Fi

Gason

Fi Transjèn

Gason Transjèn

Non-binè (Ni fi ni gason)

Lòt

Mwen prefere pa reponn



## **Tanpri endike etnisite w**

Endijèn Ameriken oswa endijèn Alaska

Azyatik

Nwa oswa Afro-Ameriken

Blan

Ispanik, Latino, oswa moun Orijin Panyòl

Moun Mwayen Oryan oswa Afrik di Nò

Endijèn Awayi oswa Moun zile Pasifik yo

Mwen prefere pa reponn

## **Tanpri endike Kòd Postal ou**

---